# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में उत्तर प्रदेश अधिनस्थ सेवा चयन आयोग द्वारा चयनित पनरह सौ छब्बीस ग्राम पंचायत अधिकारी तीन सौ साठ ग्राम विकास अधिकारी अउर चौसठ समाज कल्याण पर्यवेक्षक लोगिन के नियुक्ति पत्र बटलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रदेस में भाजपा क सरकार अइले के बाद से पछिला साढ़े सात बरिस में नियुक्ति चयन प्रक्रिया में केहू के साथे भेदभाव नाही भइल हौ। हमरे सरकार में सरकारी, निजी क्षेत्र अउर संविदा के आधार पर नियुक्ति इमानदारी से बढ़ल त उत्तर प्रदेस हर क्षेत्र में तेजी से दउडत देखाई दे रहल हौ। उहां के कहलीं कि हमारे सरकार में सरकारी सेवा में लगभग सात लाख भरती सपन्न भइल हौ। प्रदेस के भित्तर सुरक्षा क बेहतर माहौल दिहले के नाते निजी क्षेत्रों में लाखों नौजवानन बदे नौकरी क आगम बढ़ावल गइल हौ। प्रदेस क जवन युवा पहिले नौकरी–रोजगार बदे देस–दुनिया में भटकत रहल आजु ओके अपने प्रदेस, क्षेत्र अउर जिलवे में नौकरी मिलि रहलि हौ।

**********

भारतीय जनता पारटी आजु प्रदेस क नौ विधानसभा सीटिनि पर होखे वाला उप चुनाव बदे आठ विधानसभा सीटिनि क ओम्मेदवारन के नांव क घोसणा कइ देहलस। एहमन विधानसभा कुंदरकी से रामवीर सिंह ठाकुर, गाजियाबाद से संजीव शर्मा, खैर विधानसभा से सुरेन्द्र दिलेर, करहल से अनुजेश यादव, फूलपुर से दीपक पटेल, सीसामऊ से सुरेश अवस्थी, कटेहरी से धर्मराज निषाद अउर मझवां विधानसभा क्षेत्र से सुचिस्मिता मौर्य क नांव सामिल हौ। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष भूपेन्द्र चौधरी बतवलें कि पारटी क सज्जो ओम्मेदवार बिहने परचा भरिहें। वहीं, राष्ट्रीय लोकदल मीरापुर विधानसभा सीटि से श्रीमती मिथिलेश पटेल के ओम्मेदवार घोसित कइले हौ। सम्बन्धित विधानसभा से परचा भरे क बिहने आखिरी दिन हौ। आजु मिर्जापुर क मझवां विधानसभा सीटि से समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार ज्योति बिंद, बहुजन समाज पारटी से दीपक तिवारी, राष्ट्रीय जनमत पारटी से प्रकाश चन्द्र मौर्य, एनसीपी से डॉक्टर अखिलेश कुमार द्विवेदी अउर निरदल ओम्मेदवार रामलखन परचा भरलें।

**********

प्रयागराज में आयोजित होखे वाला महाकुंभ दुइ हजार पचीस के ले के तइयारी तेजी से चलि रहल हौ। सरधालुअन क सुरक्षा के सथहीं यातायात प्रबंधनों पर सरकार क खास धियान हौ। महाकुंभ में चालीस करोड़ से बेसी सरधालुअन के अइले क आगम हौ, जे के ले के मेला प्रसासन अउर जिला प्रसासन दुन्नो भीड़ि के प्रबंधन के तइयारी में जुटल हवे। प्रयागराज क मण्डलायुक्त विजय विश्वास पंत बतवलें कि येह सबसे बड़हन धारमिक आयोजन में खाली प्रदेस अउर देसे नाहीं बलुक पूरा दुनिया से सरधालुअन क बड़हन जत्था प्रयागराज पहुंचे वाला हौ। अइसन में भीड़ि प्रबंधन के ले के एगो बिसेस कार्ययोजना बनावल गइल हौ। उहां के बतवलीं कि महाकुंभ के समय सबसे बेसी सरधालु सड़कि राहि से प्रयागराज पहुंचिहें। एके देखि के सहर क सज्जो दिसा में पारकिंग क इंतिजाम कइल गइल हौ। मेला क्षेत्र में अइले–गइले क अलगि रस्ता होई। एहमन अइसन इंतिजाम कइल जा रहल हौ कि सरधालु कतहूं एक साथे रूकें नाहीं, चलत रहें।

**********

गोरखपुर क रामगढ़ताल में आयोजित सब जूनियर नेशनल रोइंग चैम्पियनशिप में आजु से खेलि प्रतियोगितो सुरू हो गइल, जवन छब्बीस अक्टूबर ले चली। आखिरी दिन्ने मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उत्कृस्ट परदरसन करे वाले खेलाड़ियन के पुरस्कार दीहें। हमरे संवाददाता क एगो रिपोर्ट–

***रामगढ़ ताल के नौकायन में सब जूनियर नेशनल रोइंग चौंपियनशिप का शुभारंभ खेल मंत्री गिरीश चंद्र यादव ने 23 अक्टूबर बुधवार को किया। बृहस्पतिवार को पहले दिन खेल प्रतियोगिता का आयोजन रामगढ़ताल में किया गया। इसमें 19 टीम ने पहले दिन प्रतिभा किया इस दिन हिट मैच था। बता दें कि यह प्रतियोगिता पिछले साल मई में आयोजित की गई थी यह दूसरी बार आयोजित की जा रही है। जो 26 अक्टूबर तक चलेगी। इसमें 20 राज्यों की टीमें प्रतिभाग कर रही है। इसमें कुल 243 खिलाड़ी शामिल हैं । इन खिलाड़ियों के साथ 43 कोच भी हैं। खेल के समापन में उत्तर प्रदेश के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ 26 अक्टूबर को मौजूद रहेंगे जिसमें वह खिलाड़ियों को पुरस्कृत करेंगे।***

**********

पीलीभीत क टाइगर रिजर्व आवे वाला छौ नवम्बर से देस–बिदेस क सैलानियन बदे खोलि दीहल जाई। एके ले के टाइगर रिजर्व में तइयारी तेज कइ दिहल गइल हौ। जंगल क मसहूर चूका बीच के सजावल–संवारल जा रहल हौ अउर बरसात में खराब भइल जंगल क रास्तो के दुरूस्त कइल जा रहल हौ। टाइगर रिजर्व क प्रभागीय वनाधिकारी मनीष सिंह बतवलें कि हर सालि पनरह नवम्बर के टाइगर रिजर्व सैलानियन बदे खोलल जाला बाकिर येह बेरि सासन से छौ नवम्बर से पर्यटन सत्र सुरू भइले क मंजूरी मिललि हौ।

**********

स्वास्थ्य अउर चिकित्सा सचिव रंजन कुमार बतवलें कि प्रदेस में तेजी से आयुष्मान भारत डिजिटल मिशन–एबीडीएस की ओरि से हेल्थ यूनिक आईडी बनावे क कार चलि रहल हौ। देस में एबीडीएस क सज्जो इकाइयन के बनावे में उत्तर प्रदेस पहिला स्थान पर हौ। उहां के बतवलीं कि आयुष्मान भारत डिजिटल मिशन की ओरि से आभा के प्रदेस में पछिला एक सालि से लागू कइल गइल हौ। अबले प्रदेस में बारह करोड़ पैंतालीस लाख आभा आईडी बनावल गइल हौ।

**********